



Eskè Sosyal Sekirite Sispann Benefis Ou Paske ou te Genyen Yon Manda pou Arestasyon?

Ou kapab kòmanse benefis ou-a ankò. Ou kapab resevwa **konbye mil dola nan benefis yo ap remèt**. Yon Klas de règleman aksyon anjistik kolektif di konsa:

- Sosyal Sekirite pa kapab ispann benefis ou paske ou toujou genyen yon Manda pou arestasyon.
- Sosyal Sekirite dwe sispann kolekte peman depase ou te resevwa baze su manda ou deja genyen.
- Pou 80,000 moun, Sosyal Sekirite dwe peye ou tout benefis yo pat paye ou oubyen kolekte lajan anplis. Benefis sa yo kapab depase pliss ke \$500 milyon dola.

Plizye moun kapab genyen benefis yo retounen bayo ankò.

Plis ke 200,000 moun kapab jwen èd sou aksyon anjistik sa ki rele *Martinez v. Astrue*.

Sa se benefis ou kapab resevwa:

- Sosyal Sekirite Sosyal
- Revni Siplemanchè Sikirite (SSI)
- Benefis Spesyal pou Veteran (SVB)

ENPÒTAN: Ka sa pap ede ou si:

- Si ou te genyen yon konviksyon oubyen ou te ale nan prizon pou yon krim epi ou te viole pobasyon ou, oubyen yo ba ou pawòl.
- Si ou genyen yon manda pou arestasyon paske ou souve (Sa pa rive souvan)

Asire biwo Sosyal Sekirite peye ou benefis yo dwe ou.

- Asire ou biwo Sosyal Sekirite gen adrès ou abite aktyèlman.
- Moun ki recevwa Sekirite Sosyal (se pa SSI oubyen SVB) kapab mete adrès yo sou entènèt nan www.socialsecurity.gov/changeofaddress.
- Si ou resevwa benefis SSI, ou sipoze vizite biwo Sosyal Sekirite ki pi pre ou, mande yo pou mete Non ou, adrès, nimewo Sosyal Sekirite ak telefòn-ou sou “lis Martinez”.

Avoka ki reprezante demandè se National Senior Citizens Law Center, biwo avoka Munger, Tolles & Olson LLP, Disability Rights California, Urban Justice Center, ak Legal Aid Society de San Mateo County.

Pou plis anfonasyon, gade www.nslc.org oubyen www.ssa.gov/martinezsettlement

Ki benefis moun resevwa, ak Ki sa mwen dwe fè?

Genyen twa gwoup moun ki kapab resevwa benefis.

Gwoup 1:

- Ou nan gwoup sa si ou:
 - Benefis ou sispann (kanpe) apre 1er Janvyè 2007: oubyen
 - Ou fè yon apel pou yon benefis ki sispann ak ou resevwa yon desizyon apre 1er Janvyè 2007; oubyen
 - Ou fè apel pou yon benefis ki sispann ak ou pa te jwen desizyon final.
- Anpil moun nan gwoup sa ap resevwa tout benefis yo depi dat benefis yo sispann.
- Si Sosyal Sekirite fè ou retounen benefis ou oubyen, retire nan benefis ou paske yo di ou ke ou resevwa twòp kòb, Sosyal Sekirite ap remèt kòb sa.
- Ou pa bezwen ranpli yon nouvo aplikasyon oubyen genyen yon nouvo revizyon pou dizabilite.
- Si ou resevwa peman Sosyal Sekirite, pou benefis ou sipoze otomatik.
- Si ou resevwa SSI, ou ap resevwa yon let ki sote nan biwo Sosyal Sekirite ki nan lokalite ou. Yo ap mande ou pou ou pran on randevou pou moutre yo ke ou toujou elijib de fason fianasye.

Gwoup 2:

- Ou nan gwoup sa si ou:
 - Ou aplike pou benefis ak resevwa yon Notis ki refize ou benefis apre 1er Janvyè 2007, oubyen
 - Ou fé yon apel paske yo refize ou benefis ak ou resevwa yon desizyon apre 1er Janvyè 2007: oubyen
- Ou fè yon apel paske yo refize ou benefis ak ou pa te jwen yon desizyon final.
- Ou ap resevwa tout benefis ou te sipoze resevwa si yo aksepte aplikasyon orijinal ou
- Si ou aplike pou SSI, ou ta sipoze moutre ou kalifye pou SSI, ou pa'p resevwa yon nouvo detèminasyon pou Dizabilite si ou te déjà genyen li.
- Ou ap resevwa yon Notis ki soti nan Sosyal Sekirite ki mande ou pou Kontakte yo konsènan benefis ou

Gwoup 3:

- Ou nan gwoup sa si ou:
 - Benefis ou sispann oubyen yo refize li ant 1er Janvyè, 2000 rive Desanm 31, 2006: ak ou pa genyen yon apel ki ap tan-n
 - Ou pat genyen yon apel la déjà apre 1er Janvyè 2007.
- Si ou nan gwoup sa, ou ka reaplike pou benefis. Sosyal Sekirite ak voye yon Notis pou ou. Notis la ap di ou si ou dwe reaplike ak kòman ou fè sa.
- Ou genyen sis mwa depi pou reaplike. Kòmanse nan dat notis la te fèt.
- Si ou reaplike pandan sis mwa epi ou elijib, ou ap resevwa benefis ou komsi ou te aplike depi 1er Avril 2009. Ou pap resevwa benefis toutan ou pa aplike pandan periyod sis mwa sa-a.
- Si ou ta retounen resevwa benefis, men Sosyal Sekirite diminye peman ou paske yo di ou touché tróp lajan, Sosyal Sekirite ak sispann kolekte kòb ou jwen depase-a epi lap kòmanse paye ou tout benefis ou yo nòmalman chak mwa epi li ap kontinye. Yo pa'p remèt kòb yo déjà kolekte.

Kilè Ou Ap Resevwa Benefis ou yo Ankò?

Si ou nan Gwoup 1:

- Si ou recevwa benefis Sosyal Sikirite:
 - Ou sipoze resevwa on Notis an Desanm 2009.
 - Ou sipoze kòmanse resevwa benefis ou kòmanse nan Desanm 2009 rive nan mwa Jen 2010.
- Si ou resevwa benefis SSI:
 - Ou ta sipoze resevwa yon notis yon lè ant Avril 2010 rive Septanm 2010.
 - Si ou toujou elijib pou SSI, ou sipoze resevwa benefis ou ant Avril 2010 rive Desanm 2010.

Si ou nan Gwoup 2:

- Si ou aplike pou benefis Sosyal Sekirite:
 - Ou ta sipoze resevwa yon notis an Desanm 2009.
 - Ou ta sipoze resevwa benefis ou ant Desanm 2009 rive Jen 2010.
- Si ou aplike pou benefis SSI:
 - Ou ta sipoze resevwa yon notis ou ant Avril, 2010 rive Septanm 2010.
 - Si ou toujou elijib pou SSI, ou ta sipoze kòmanse resevwa benefis ou ant Avril 2010 rive Desanm 2010.

Si ou nan Gwoup 3:

- Ou ta sipoze resevwa yon notis ki soti nan Sosya Sekirite ant Avril 2010 rive nan Desanm 2010 ki di ou konsa ou dwe reaplike pou benefis epi kòman pou ou fè sa.
- Asire ke ou reaplike nan sis mwa kòmanse nan dat notis la te fèt.
- Pandan lè sa-a Sosyal Sekirite sipoze sispann redui benefis ou pou kòb yo di yo peye ou dan plis la.

ENPÒTAN: Tout dat kapab chanje baze posedi Soysal Sekirite. Si National Senior Citizens Law Center aprann de nenpòt chanjman enpòtant pou tan-sa. Nou ap poste nouvo orè sou enténé.

Si ou panse ou bezwen èd pou ou resevwa benefis:

- Rele biwo Legal Aid si ou pa gen mwayen pou peye on avoka. Chèche pou nimero yo nan jòn liv telefòn ke ou genyen.
- Si ou genyen plis kè swasant-ane, rele ajens ki regle poblèm moun aje yo epi mande yo konman pou kontakte pwogram ki ba sevis legal pou moun aje nan zòn ou. Ajens an ap chaje ou on frè. Chèche pou nimewo yo nan jòn liv telefòn ke ou genyen.
- Si ou genyen yon dizabilite ou kapab jwen èd gratis ki sòti na biwo leta Protection & Advocacy. Vizite www.napas.org/aboutus/PA_CAP.htm pou jwen nimewo telefòn nan eta ou abite.
- Ou ka tou rele 1-800-431-2804. Sa se yon gwoup ki gen avoka prive ak avoka ki ka ede moun ak ka Sosyal Sekirite epi yo chaje yon frè baze sou revni ou resevwa nan benefis ou yo.
- National Senior Citizens Law Center pa kapab ede ou avèk reklamasyon individyel benefis ou yo.

*Creole translation done thanks to Florida Legal Services.